*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 142 (25628)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 9 август — майрæмы мæйы 9 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛКЪ

3 ЮБИЛЕЙ
*ОЛИСАТЫ Акимыл сæххæст 85 азы*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

**Æмгуыстад**

## Хъуыддаджы ныхас – "ДОМ.РФ"-ы разамындимæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисæн хъуыддаджы ныхас рауад компани "ДОМ.РФ"-йы регионалон æмгуыстады разамонæг Сергей КАЛИНИНИМÆ.**

Фæбæрæг кодтой ахсджиаг нысантæ, семæ — æмгуыстад дæр. Видеоконференцийы фæрцы фембæлды архайдтой "ДОМ.РФ"-ы дæлхайæтты хицæуттæ, республикæйы министрадты æмæ ведомстæты разамонджытæ.

Ныртæккæ Цæгат Ирыстон æмæ компани æххæст кæнынц цалдæр проекты. Хъавынц Дзæуджыхъæуы рæзты пъланыл бакусын. Документ цæттæгонд цæуы бæстæйы Президент Владимир Путины фæндонмæ гæсгæ. Республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло Владимир Путинимæ куы сæмбæлд, уæд æрныхас кодтой Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон рæзты фарстатыл.

Дзæуджыхъæуы рæзты фæлгæты хъуамæ фæзыной ног микрорайонтæ, спайда дзы кæндзысты ахсджиаг фæрæзтæй. Пъланы уыдзысты æхсæнадон бынæттæ, магистралон фæндæгтæ, парктæ, скъвертæ, доны былтæ æмæ комплексон рæзты фæзуæттæ. Уæдæ микрорайон "Ног горæт"-ы хъуамæ сарæзтæуа ног скъола 550 бынатимæ. Фæбæрæг кодтой инфрастуктурон облигацитæй спайда кæныны гæнæнтæ, уый "ДОМ.РФ"-ы кусы 2021 азæй фæстæмæ. Уый фæрцы сæ бон у транспортон, социалон, инженерон, туристон, æмæ нымæцон технологон инфраструктурæ саразын.

Рахызтысты регионалон программæтæм дæр, уымæн хорз фæрæз сты компанийы иугонд операторы ипотекон программæтæ. Туристон инфраструктурæйæн инвестицион проекттæ цавæр ахъаз хæссынц, уый дæр равзæрстой. Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй ацы рахæцæнтæ Цæгат Ирыстонæн ахсджиаг сты, адæмы цардыл уайтагъд фæбæрæг вæййынц. "Хъæуы нæ ног микрорайонмæ 550 бынатимæ скъола, уым нын хорз фæахъаз уыдзысты "ДОМ.РФ"-ы инфраструктурон облигацитæ. Уæдæ æхсæнадон фæзуæтты тыгъдадон рæзты æмæ фæрныгады программæтæ махæн хъæугæ сты. Ипотекон æфстæуттты фарс рахæцын дæр нæ бон у", — загъта Хицауады Сæрдар.

Сергей Калинин куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй "ДОМ.РФ"-ы минæвæрттæ республикæйæн баххуыс кæнынмæ цæттæ сты. Бынтондæр — цæрæнуæтты къабазы. Дарддæр Цæгат Ирыстоны æмæ компани "ДОМ.РФ"-ы компани республикæйы рæзты ахсджиагдæр фарстатæ сбæрæг кæндзысты.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Хъæлæс кæныны æппæтуæрæсеон бонмæ**

## Парламентон æвзæрстытæ: халæппарæн – политикон иугæндтæн

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Центрон æвзарæн къамисы уыд халæппарæн нæ республикæйы Парламенты æвзæрстыты архайæг æппæтуæрæсеон политикон партиты регионалон хайæдтæн.**

Архайдтой дзы Уæрæсейы Федерацийы фондз политикон партийы регионалон хайады минæвары. Регионалон Центрон æвзарæн къамисы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фидаргонд æрцыдысты 5 æвзарæн иугонды кандидаттæ æппæтуæрæсеон политикон партитæй: "Иугонд Уæрæсе", Уæрæсейы Федерацийы Коммунистон парти, Уæрæсейы Федерацийы Либералон-демократон парти, "Фыдыбæстæ", Социалистон политикон парти "Рæстаг Уæрæсе — Патриоттæ — Рæстдзинады фарс".

Нæ республикæйы Центрон æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ** куыд загъта, афтæмæй фидаргонд æрцыд, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламентмæ æвзæрстыты архайыны бар кæмæн ис, уыцы 74 кандидаты номхыгъд. Æвзарæн къамисмæ, æвзæрстыты кæй нал архайдзæн, уый тыххæй йæ куырдиат æрбалæвæрдта **Хапсæты Аслан**. Æмæ йæ кандидатты номхыгъдæй систой. Æвзарæн хайæдты æмæ территориалон къамисты сæргълæуджытæн Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты арæзт æрцыд сæрмагонд ахуыртæ.

РЦИ-Аланийы Парламенты æвдæм равзæрсты депутатты æвзæрстыты архайæг политикон партиты халæппарæн æмбырды архайдтой нæ республикæйы Æхсæнадон палатæйы минæвæрттæ æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты кусджытæ. Сæ фарстытæн сын бæлвырд дзуаппытæ радта нæ республикæйы Центрон æвзарæн къамисы сæрдар Моргуаты Жаннæ.

**ГАСАНТЫ Валери**

**08.08.08: æрхæндæг цауты айзæлд**

## Цæгат Ирыстоны делегаци – Цхинвалы

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ амынддзинадмæ гæсгæ, Цхинвалмæ, номарæн мадзæлтты архайынмæ абалц кодта, РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар Алексей МАЧНЕВ разамынд кæмæн лæвæрдта, ахæм делегаци.**

Къорды уæнгтæ уыдысты Парламенты Сæрдары хæдивджытæ **Биланонты Батрадз** æмæ **Гутнаты Аслæнбег**, стæй республикæйы закъонæвæрæг органы депутаттæ.

Цæгатирыстойнаг парламентаритæн сæрмагонд фембæлд уыд Хуссар Ирыстоны Президент **Гаглойты Аланимæ**. Республикæйы разамонæг йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй хуссарирыстойнæгтæн алкæддæр уæлдай ахсджиаг уыд æмæ у цæгатаг æфсымæрты æмзæрдæдзинад.

"Алкæддæр — хъыджы сахат, кæнæ æхсызгондзинады рæстæг — сымах æрбалæууут нæ фарсмæ, цавæрфæнды зын уавæрты дæр стут не 'мдзугæнæг. Уый тыххæй мах сымахæй бузныг стæм. Æмæ абон дæр, 2008 азы æрхæндæг цаутæ мысгæйæ, сымах



стут немæ. Мах æнустæм хъуамæ нæ зæрдыл дарæм уыцы трагикон æмæ героикон бонты цаутæ", — загъта Гаглойты Алан.

Хуссар Ирыстоны Президентимæ æмхъуыды уыд Алексей Мачнев дæр. Уыимæ, цæгатирыстойнаг закъонæвæрæг органы Сæрдар йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй 2008 азы августы цаутæ æнустæм зæрдылдаргæ сты Уæрæсейы Федерацийы цæрджытæн дæр. "Истори бæстон зонын хъæуы, цæмæй фидæны ахæм фыдбылызтæй хызт уæм. Рухсдæр фидæнмæ цæугæйæ, аккаг аргъ кæнын хъæуы ахæм историон цаутæн. Æрмæстдæр афтæмæй уыдзæн фæрныгдæр æмæ рухсдæр фидæн саразæн. Ныфс мæ ис, хъомысджындæр паддзахад — Уæрæсейы Федераци Хуссар Ирыстоны æдасдзинад æмæ дарддæры размæцыд фидæны дæр ахадгæ хуызы кæй хъахъхъæндзæн, уымæй. Хуыцау зæгъæд, цæмæй нæ зæххыл хæст макуыуал уа", — бафиппайдта Парламенты Сæрдар.

Даддæр фембæлды архайджытæ æрдзырдтой дыууæ республикæйы 'хсæн парламентон бастдзинæдтæ æмæ æфсымæрон ахастдзинæдтæ фидардæр кæныны фарстатыл.

Фæстæдæр фысымтæ æмæ уазджытæ архайдтой 2008 азы августы цауты фæдыл саударæн мадзæлтты.

**РЦИ-Аланнийы Парламенты пресс-службæ**

## Саударæн мадзæлттæ – Хуссар Ирыстоны

**2008 азы гуырдзиаг-ирон хæстыл рацыд 14 азы. Уый фæдыл ацы бонты Цхинвалы цæуынц саударæн мадзæлттæ. Номарæн акци фыццаг хатт уыд "Хуссар Ирыстоны хъахъхъæнджытæн", зæгъгæ, мемориалон комплексы фæзуатыл дæр. Уый арæзт æрцыд Уæрæсейы финансон æххуысæй.**



1989 азæй 2008 азы августы онг гуырдзиаг лæбурджыты къухæй чи фæмард, уыдоны ном сæнусон кæныны тыххæй ацы мемориалон комплекс байгом горæты астæу ивгъуыд азы майы. Арæзт æрцыд 2018-2019 азты республикæйы социалон-экономикон рæзтæн ахъазгæнæг уæрæсейаг инвестицион программæйы фæлгæты, æмæ йæ аргъ уыд 64 милуан сомы бæрц.

Саударæн мадзæлттæ райдыдтой 7 августы райсомæй. Хуссар Ирыстоны æппæт аргъуанты дæр æрымысыдысты, 2008 азы августы хæсты чи фæмард, уыдоны рухс нæмттæ.

— Абон мысæм, Хуссар Ирыстоны сæрибарæн, йæ рухс фидæнæн йæ цард чи радта, нæ уыцы хъæбатырты, фыдгæнджыты къухæй æнаххосæй чи фæмард, нæ уыцы æмзæххонты. Августы хæсты историон рæстдзинад фæлтæрæй-фæлтæрмæ хæссын не 'ппæтæн дæр у нæ хæс, уымæн æмæ фидæны фæлтæртæ хъуамæ зоной, сæрибар æмæ хæдбардзинадæн Хуссар Ирыстон цы стыр аргъ бафыста, уый, — загъта республикæйы Президент **Гаглойты Алан**, Цхинвалы Сыгъдæг Мадыйрæмы аргъуаны саударæн мадзæлттæ кæронмæ куы ахæццæ сты, уæд.

Уый фæстæ Цхинвалы Национ музейы байгом фо-



торавдыст "08.08.08. — 08.08.22". Бабæрæг æй кодтой республикæйы разамынд, политиктæ æмæ æхсæнады минæвæрттæ. Равдысты фенæн уыд, 2008 азы хæсты рæстæг гуырдзиаг фыдгæнджытæ кæй ныддæрæн кодтой æмæ ныр ногæй арæзт чи æрцыд, уыцы объекттæ æмæ бæстыхæйттæ.

Номарæн мадзæлттæн сæ сæйрагдæр арæзт æрцыд æхсæвы хуыцаубонæй къуырисæрмæ æмæ уыд "Хуссар Ирыстоны хъахъхъæнджытæн" мемориалон комплексы. Хуссар Ирыстоны Президент сæ сæргъы, афтæмæй адæм — дыууæ минæй фылдæр, — се 'хсæн республикæйы разамонджытæ, политикон æмæ æхсæнадон организациты минæвæрттæ, Хуссар Ирыстоны чи æрбынæттон, уæрæсейаг æфсæддон хæйтты уыцы службæгæнджытæ цыртдзæвæнтыл сæвæрдтой дидинджытæ. Стыр экраныл иу иннæйы фæдыл æвдыст цыдысты хæстон цауты скъуыддзæгтæ, стæй, чи фæмард, уыцы хъæбатырты къамтæ.

— Абон мах æрæмбырд стæм, цæмæй æрымысæм нæ хотæ æмæ не 'фсымæрты, нæ сывæллætты æмæ нæ ныййарджыты, Уæрæсейы æфсады æмæ Хуссар Ирыстоны æфсæддон тыхты салдæттæ æмæ афицерты, Цæгат Ирыстоны æмæ Уæрæсейы иннæ регионты бархионты — 2008 азы гуырдзиаг экстремистты ныхмæ тохы нæ фарсмæ чидæриддæр балæууыд æмæ нæ зæххыл сабырдзинад бахъахъхъæнынæн чи баххуыс кодта, уыдоны рухс нæмттæ. 2008 азы 7-8 августы æхсæвы Цхинвалыл æмæ районты центртыл гуырдзиаг хæдтæхджытæ ныккалдтой бомбæтæ, алырдыгæй нæ æхсын райдыдтой зынгхæссæг реактивон системæтæй. Æнаххосæй фамард сты сабыр цæрæг адæм, сæрибар тауæг тыхты службæгæнджытæ æмæ нæ бæстæ хъахъхъæнджытæ. Бæрæг нæу, цас зиантæ æмæ цас бæллæхтæ ма æрцыдиад Хуссар Ирыстоны, Уæрæсейы Федераци нæм йе 'ххуысы къух куы нæ бадардтаид, уæд. Уыцы сыгъдæг нысаны сæрапонд сæ цард радтой Уæрæсейы æфсады 67 салдаты æмæ афицеры. Уæрæсейы æххуысæй нæ бон баци лæбурæгæн ныхкъуырд радтын, Уæрæсейы фæрцы нæ республикæ йæ къæхтыл ногæй слæууыд æмæ æнтыстджынæй цæуы размæ. Æппæт дуне дæр банкъардта сæрибар æмæ рæстдзинадмæ ирон адæмы тырнындзинад, — загъта Гаглойты Алан.

**("ТАСС")**

**Туристон форум**

## "Балцы ацу!"

**Мæскуыйы кусæг балцы уæвгæйæ, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис архайдта Æппæтуæрæсеон туристон форум "Балцы ацу!"-йы. Конд æрцыд Адæмон хæдзарады æнтыстдзинæдты равдысты фæзуатыл.**

Дзанайы-фырт бабæрæг кодта Цæгат Ирыстоны равдыст, уым не 'ппæт туристон хъомыс дæр æвдыст æрцыд. Хицауады Сæрдарæн гæнæнты тыххæй радзырдта РЦИ-Аланийы Туризмы комитеты сæрдары хæдивæг **Тебиаты Мæдинæ.**

Равдысты равæрдтой цæгатирыстойнæгты адæмон промыслæты, бынæттон товаруадзджыты продукци. Чи бабæрæг кæны равдыст, уыдон саходынц ирон чъиритæй, сæ бон у ирон национ уæлæдарæс скæнын, къамтæ сисын, ирон кæфтытæ сахуыр кæнын.

Форумы фæлгæты Цæгат Ирыстоны Туризмы комитет алыхуызон лекциты архайы, дзуры йæ авналæнтыл, йæ дарддæры



РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар фæбæрæг кодта равдысты хæдхуыздзинад, уазджытимæ аныхас кодта. "Регион ахæм равдысты кæй архайы, уый йын фадат дæтты нæ республикæйы хъомысы тыххæй радзурынæн. Мидæггаг туризмæн йæ ахадындзинад бæрзонд у, хъуамæ дзы пайда кæнæм. Фарстамæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло йæ цæст дары. "Мамысон" куы скуса, уæд æм сæ хъус æрдардзысты дæсгай мин туристтæ. Цалдæр инвестицион проектыл кусæм, уыдонæй у "Хæххон Дыгур"-ы кластер, ацы аз йæ автомобилон фæндаг арæзт æрцæуыдзæн", — загъта Дзанайы-фырт.

рæзтыл. Бирæ ахсджиаг фарстатыл ныхас кæнынц форумы архайджытæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Уæлдæфон транспорт**

## Дзæуджыхъæуæй – Хъазан æмæ Челябинскмæ

**9 августæй фæстæмæ уæлдæфон бæлццæттæн фадат уыдзæн ног авиацион маршрут "Хъазан - Челябинск - Дзæуджыхъæу"-æй спайда кæнынæн.**

Уый тыххæй фехъусын кодта дунеон аэропорт "Дзæуджыхъæу"-ы пресс-службæ.

Аэропорты минæвары ныхасмæ гæсгæ, Хъазан, Челябинск æмæ Дзæуджыхъæуы 'хсæн уæлдæфон балц æххæстгонд цæудзæн къуыри дыууæ хатты: дыццæг æмæ майрæмбоны. Маршрутыл кусдзысты авиакомпани "ЮВТ-АЕРО"-йы уæлдæфон бригæдтæ.

Уыимæ, зындгонд куыд у, афтæмæй 31 июлæй фæстæмæ цæгатирыстойнаг аэропортæй хæдтæхджытæ балцытæ æххæст кæнын райдыдтой горæт Перммæ дæр. Уыцы маршрутыл та кусы авиакомпани "Северный ветер" (балцытæ æххæстгонд цæуынц къуыри дыууæ хатты: æртыццæг æмæ хуыцаубоны).

"Дзæуджыхъæу"-ы аэропорты куысты ис æндæр ногдзинæдтæ дæр. Зæгъæм, ныронг Бæслæнæй Стамбулмæ рейс хуыцаубонты æххæст кодта авиакомпани "RED WINGS". Нырæй фæстæмæ (ома, 1 августæй) уыцы горæтмæ уæлдæфон балц алкæцы æртыццæджы дæр æххæст кæны авиакомпани "ЮВТ-АЕРО" дæр.

Цæгат Ирыстоны уæлдæфон вагзалы минæвары ныхасмæ гæсгæ, дарддæр куыст цæуы уæлдæфон балцыты географи фæуæрæхдæр кæнынмæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

*Хуыцауы стыр лæвар – зæнæг.*
*ГÆДИАТЫ Секъа*

**Боныхъæд** Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **9 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **25-30 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **25-27 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 14,10** **Хурыскаст** — 05,00 **Хурныгуылд** — 19,10

**Валютæйы аргъ** **Доллар** — 60,38↓ **Евро** — 61,47↓

12+

## Кусæг балцы

# Туризмы рæзты фарстатæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис, Мæскуыйы кусæг балцы уæвгæйæ, фембæлд акционерон æхсæнад ”КАВКАЗ.РФ”-йы генералон директор Хасан ТИМИЖЕВИМÆ. Фæбæрæг кодтой Цæгат Ирыстоны туризмы рæзты фарстатæ.**

Сæйраг ныхас бацахста республикæйы туристон кластеры мастер-пълан саразыны нысан. Ахæм хæс сæвæрдта Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей **Меняй-**



**лоимæ** фембæлды фæстæ. Корпораци мастер-пълан саразыны фыццаг рахæцæн æххæстгæнæгæй йæхи æвдисы.

Тагъд нæм фæзындзæн туристон-рекреацион комплекс "Мамысон". Проект куыд æххæст кæндзысты, уый фæбæрæг кодтой. Фыццаградон хъуыддæгтæн бахъæудзæн 19 миллиард сомы. Ацы аз хъуамæ "Мамысон"-мæ цæуæг тъуннел сцæттæ уа, 2023 азы кæронмæ та — курортмæ бацæуæн фæндаджы дыууæ хайы. Дзанайты Барис куыд радзырдта, афтæмæй махæн туризм у экономикæйы ахсджиагдæр хай.

"Ныртæккæ нæм туристтæ тынг цæуынц, фысымуæттæ дзаг вæййынц. Хъуамæ сын фадатджын уавæртæ саразæм. Уыцы хæстæ нын нæ размæ æвæры республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. "КАВКАЗ.РФ"-йы фæрæзтæй нæ бон спайда кæнын у. Хъуамæ нæ æмгуыстад фæпарахатдæр кæнæм", — загъта республикæйы Хицауады Сæрдар.

Бæстæйæ æддæмæ чи цæуы, уыцы транспортæн хъуамæ арæзт æрцæуой æрлæууæн бынæттæ æппæт хъæугæ инфраструктурæимæ. Уыдæттыл дæр бæстон ныхас рауад.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

## Ахуырад

# Ныййарджыты цæстдарды штабтæ арæзт æрцыдысты

**Паддзахадон программæ ”Ахуырады райрæзт”-ы бындурыл Æрыдоны районы фондз астæуккаг скъолайы бæстыхæйттæ цалцæггонд цæуынц. Арæзтадон куыстыты хæрзхъæддзинадмæ сæ цæст дарынц скъоладзауты ныййарджытæ.**

— Бындурон цалцæджы программæмæ хауынц материалон цæттæдзинад, стæй



партæтæ, скъæппытæ, бандæттæ æмæ æндæр ифтонггæрзтæ самал кæнын дæр. Ныййарджыты æххуыс нæ хъæуы ацы фарстаты, цæмæй зæгъой сæ фæндæттæ, цæстуарзон уынаффæ нын бакæной. Подрядон куыстуаты аразджытæ сæ хъуыдытимæ фылдæр хатт сразы вæййынц, гæнæн куыд вæййы, афтæ ивддзинæдтæ бахæссынц сæ куыстмæ, — зæгъы Æрыдоны районы ахуырады управленийы хицау **Андрей Швецов**. Куыд зæгъы, афтæмæй скъолаты арæзт æрцыдысты, бындурон цалцæджы æппæт къæпхæнтæм дæр лæмбынæг чи кæсы, ныййарджыты цæстдарды ахæм штабтæ.

Лæмбынæг кæсынц алы лыстæг хъуыддагмæ дæр, цавæр æрмæджытæй кусынц, сæ хæрзхъæддзинад куыд у æмæ иннæ фарстатæм. Æмæ сæ бамбарæн ис, — уыдоны кæстæртæ ахуыр кæндзысты ног арæзт скъолаты бæстыхæйтты.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, 2022-2023 азты Цæгат Ирыстоны, паддзахадон программæйы бындурыл цалцæггонд кæй æрцæудзысты 66 скъолайы. Алы районы дæр ныййарджытæ сæ цæст дарынц куыстытæм.

**ГÆЛÆУТЫ Наталья**

## Официалон уагæй

# Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъон

### Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъон "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты депутаты статусы тыххæй"-мæ ивддзинæдтæ бахæссыны фæдыл

**Статья 1.**

2008 азы 14 июлы райст "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты депутаты статусы тыххæй" закъонмæ хаст æрцæуæд амынд ивддзинæдтæ:

1) разныхасы дзырдтæ "Федералон закъонæй "Уæрæсейы Федерацийы субъектты паддзахадон хицауады æххæстгæнæг оргæнты æмæ закъонады (минæварады) организацийы иумæйаг принципты тыххæй" ивд æрцæуæд дзырдтæй "Уæрæсейы Федерацийы субъектты публикон хицауады организацийы иумæйаг принципты тыххæй";

2) статья 2-йы дзырдтæ "Парламенты ног сæвзæрсты депутаттыл æвзæрстыты хъæлæс кæныны бон" ивд æрцæуæд дзырдтæй "Парламенты ног сæвзæрсты куысты райдайæны бонæй фæстæмæ";

3) статья 3 фыст æрцæуæд ахæм редакцийæ:

**"Статья 3. Депутаты архайдимæ баст арæнæвæрдтæ.**

**Парламенты депутаты æххæстбартæ æмгъуыдæй раздæр бауромын.**

1. Парламенты депутатæн нæй депутаты æххæстбартæм нæ хауæг хъуыддæгты йæ статусæй архайыны бар.

2. Парламенты депутат хъуамæ ма хала арæнæвæрдтæ, тобæгæндтæ æмæ æххæст кæна федералон закъонадæй фидаргонд хæстæ.

3. Парламенты депутатты мандаттæ уарынмæ кандидатæй номхыгъды æвзæрст депутатæн ацы закъоны 9 статьяйы 1-аг хаймæ гæсгæ йæ бон нæу, цы фракцийы ис, уырдыгæй рацæуын. Амынд депутатæн йæ бон у, æрмæстдæр кандидатæй номхыгъды æвзæрст цы политикон партийæ æрцыд, уый уæнг уæвын.

4. Ацы Закъоны 9-æм статьяйы 3-аг хайы амындмæ гæсгæ, кандидатæй политикон партийы номхыгъдмæ æвзæрст æмæ фракцийы уæвæг депутатæн йæ бон у цы фракцийы ис, æрмæстдæр уыцы политикон партийы уæнг уæвын.

5. Ацы Закъоны 9-æм статьяйы 3-аг хайы амындмæ гæсгæ, кандидатæй политикон партийы номхыгъдмæ æвзæрст депутат, Парламенты фракци цы политикон партийæн ис, уырдæм бацæугæйæ, свæййы фракцийы уæнг æмæ йын нæй уырдыгæй рацæуыны бар.

6. Парламенты депутат æрвылаз хыгъдлæвæрд финансон афæдзы фæстæ 1 апрелмæ хъуамæ бадætта Парламентмæ пайдатæ, исбонад æмæ исбонады уаг хæссæг хæсисты зонинæгтæ бæлвырдгæнæг Парламенты депутаттæй арæзт къамисмæ (дарддæр — парламентон къамис) зонинæгтæ йæхи, йæ бинойнаг æмæ æнахъом сывæллæтты пайдаты, йæ хæрдзты, йæ исбонад æмæ исбонады уагхæссæг хæсисты тыххæй.

7. Парламенты депутат, бындур ын уæвгæйæ æмæ Парламент Уæрæсейы Федерацийы закъонадмæ гæсгæ цы фæтк домы коррупцийы ныхмæ архайдæн, уыдон хъуамæ хъусын кæна парламентон къамисæн йæ æххæстбартæ æххæст кæнгæйæ, быцæумæ кæнæг кæнæ быцæумæ æркæнæг хабæрттæ, стæй араза мадзæлттæ быцæутæ слæгъз кæнæ аиуварс кæнынæн.

8. Парламенты депутатæн йæ хæс у, исчи йæ коррупцион æгъдауhæлдтытæм куы здаха, уæд фондз бонæй фæстæдæр нæ, уый тыххæй, закъон куыд амоны, афтæ, хъуамæ фехъусын кæна парламентон къамис æмæ прокуратурæйы оргæнтæн.

9. Парламенты депутаты æххæстбартæ урæд æрцæуынц:

1) куы амæла;

2) йæ æххæстбартæ æрæвæрыны тыххæй куырдиат фыст куы 'рцæуа;

3) тæрхондон æй æнæархайдхъом кæнæ цыбырархайдхъомыл куы банымайа;

4) тæрхондон æй æбæрæгæй нæуæвынил кæнæ мардыл куы банымайа;

5) тæрхондон ын цы аххосгæнæг тæрхон рахæсса, уый йæ закъонадон тыхы куы бацæуа;

6) Уæрæсейы Федерацийæ æндæр ранмæ иудадзыг цæрынмæ куы ацæуа;

7) Парламенты æххæстбартæ æмгъуыдæй раздæр урæд куы æрцæуой;

8) урæд куы æрцæуа Уæрæсейы Федерацийы гражданад кæнæ куы райса фæсарæйнаг (дæлхицауады) гражданад, кæнæ йæм цæрыны бары, кæнæ æндæр гæххæтт куы æвдиса Уæрæсейы Федерацийы гражданины цæрыны бар фæсарæйнаг паддзахады;

9) бæлвырдгонд куы ‘рцæуа Парламенты депутатæн фæсарæйнаг паддзахады банкты æфснайд æхца , æхцайы фæрæзтæ æмæ хæзнатæ фæсарæйнаг банкты Уæрæсейы Федерацийы арæнты æдде кæй ис, стæй æвзæрстыты рæстæг кандидатæй регистрацигонд куы 'рцыд, уыцы рæстæг фæсарæйнаг финансон фæрæзтæй куы пайда кæна;

10) Федералон закъон "Уæрæсейы Федерацийы субъектты публикон хицауады иумæйаг принципты организацийы тыххæй"-ы статья 5-ы 4-æм хай, статья 19-ы 2, 6, 18 хæйттæ, ацы Закъоны 3-6 æмæ 8-æм хæйтты домæнтæ куы не 'ххæст кæна.

10. Парламенты депутат Федералон закъон "Уæрæсейы Федерацийы субъектты публикон хицауады иумæйаг принципты организацийы тыххæй"-ы статья 19-ы 1-аг, 15-æм æмæ 19-æм хæйтты амынд хæстæ не 'ххæст кæнынтæ, бар нæ дæттынтæ æмæ арæнывæрдтытæ куы хала, ноджы ма йæ пайдатæ, хæрдзтæ, йæ исбонад æмæ исбонады уаг хæссæг хæсисты тыххæй зонгæйæ, мæнг кæнæ æнæххæст зонинæгтæ куы бавдиса, уæд Парламенты депутатæй ис дзуапп æрдомæн ахæм мадзæлттæй иумæ гæсгæ:

1) рагфæдзæхст;

2) Парламенты цы бынат ахса, уымæй цæуы уæгъдгонд, йæ депутатон æххæстбартæ урæд не 'рцæугæйæ, депутатæй дзуапп æрдомыны уынаффæйæ, цалынмæ йæ депутатон æххæстбарты æмгъуыды кæрон æрцæуа, уæдмæ йын нæй Парламенты бынаты уæвыны бар;

3) йæ æххæстбарты æмгъуыды кæронмæ йын нæй Парламенты бынаты уæвыны бар.

Депутатæй дзуапп æрдомыны уынаффæ хаст цæуы ацы хайы 1-аг пункты амындмæ гæсгæ парламентон къамисы ацы Закъонмæ гæсгæ бæрæггæнæнты хатдзæгæй æмæ фыст цæуы Парламенты уынаффæйæ.

11. Депутатæй дзуапп æрдомыны рагфæдзæхсты хуызы информаци мыхуыргонд цæуы газет "Северная Осетия"-йы, æвæрд цæуы Парламенты сæрмагонд сайты.

12. Ацы статьяйы 9-æм хайæ уæлдай Парламенты депутаты æххæстбартæ æмгъуыдæй раздæр урæд æрцæуынæн бындур дæттынц Уæрæсейы Федерацийы коррупцийы ныхмæ архайды закъонады амындтæ, арæнæвæрдтæ, тобæгæндтæ æмæ хæстæ цалдæр хатты нæ сæххæст кæнын.

Парламенты депутаты æххæстбартæ æмгъуыдæй раздæр урæд æрцæуыны уынаффæ ацы статьяйы фыццаг абзацмæ гæсгæ фидаргонд цæуы ацы Закъоны уагыл парламентон къамисы сбæлвырдгонд бæрæггæнæнтæм гæсгæ.

13. Парламенты депутаты æххæстбартæ æмгъуыдæй раздæр урæд æрцæуыны уынаффæ фидаргонд цæуы Парламенты уынаффæйæ.

Парламенты уынаффæ Парламенты депутаты æххæстбартæ æмгъуыдæй раздæр урæд æрцæуыны тыххæй ист цæуы депутаты æххæстбартæ æмгъуыдæй раздæр урæд æрцæуыны бындуры фæзынд Парламентæн уый зындгонд куы æрцæуа, уымæй 30 бонæй фæстæдæр нæ, уыцы бындур кæд фæзынд Парламенты сесситы æхсæн, уæд та бындуры фæзындæй æртæ мæйæ фæстæдæр нæ.

14. Депутаты æххæстбартæ æмгъуыдæй раздæр урæд куы æрцæуой, уæд суæгъд уæвæг депутаты мандат лæвæрд цæуы Федералон закъон "Уæрæсейы Федерацийы граждæнты референдумы архайыны бартæ æмæ æвзæрстыты барты сæйраг гарантиты тыххæй" æмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъон "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты депутатты æвзæрстыты тыххæй"-мæ гæсгæ.

4-æм статьяйы дыккаг абзац нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

5) статья 5-ы:

1-аг хай фыст æрцæуæд ахæм редакцийæ:

"1. Парламенты депутаты архайд кæны профессионалон (иудадзыгон) бындурыл кæнæ, йæ сæйраг архайдæй нæ фæхицæн уæвгæйæ (æнæиудадзыгон бындурыл)";

1-1хайы дзырд "иудадзыгон" баивын дзырдæй "(иудадзыгон)", баххæст кæнын хæйттæй 1-5 æмæ 1-6 ахæм хъуыдыйæ:

"1-5. Парламенты профессионалон (иудадзыгон) бындурыл кусæг депутатты нымæц фидаргонд цæуы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Конституцион закъон "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты тыххæй"-мæ гæсгæ.

1-6 Парламенты депутат Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон бынаты æвæрд цæуы депутатон архайд профессионалон (иудадзыгон) бындурыл кæны æви йæ сæйраг архайдæй нæ фæцухгæнгæйæ, уыдæттæ нæ хынцгæйæ";

2-аг хай нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

2-3 хай нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

2-4 хайы дзырдтæ "архайды хæйттæй"-йы фæстæ баххæст кæнын дзырдæй "хæйттæй", дзырдтæ "архайды хæйттæй"-йы фæстæ баххæст кæнын дзырдæй "хæйттæ";

3-аг хай нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

5-æм хайы дзырд "иудадзыгон" ивд æрцæуæд дзырдæй "(иудадзыгон)";

6) статья 6-ы:

сæргонд фыст æрцæуæд ахæм редакцийæ:

"Статья 6. Парламентон къамисы архайды фарстатæ";

1-аг хай нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

3-аг хайы дзырдтæ "Закъонæй амынд" ивд æрцæуæнт дзырдтæй "Конституцион закъонæй амынд";

4-æм хайы 2-аг пункты дзырдтæ "федералон закъонæй "Уæрæсейы Федерацийы субъектты паддзахадон хицауады æххæстгæнæг оргæнты æмæ закъонадон (минæварадон) иумæйаг принципты тыххæй" баивын дзырдтæй "Федералон закъонæй "Уæрæсейы Федерацийы субъектты публикон хицауады иумæйаг принципты организацийы тыххæй"

81 хайы 4-æм пункты дзырд "акциты" цухгонд æрцæуæд, дзырд "организациты" фæстæ баххæст кæнын дзырдтæй "нымæцты финансон активты, нымæцон валютæйы,";

7 статья 9-ы:

1-аг хайы фыццаг абзац фыст æрцæуæд ахæм редакцийæ:

"1. Ацы статьяйы 3-аг хайы амынды цаутæй фæстæмæ Парламенты депутатты мандаттæ уарынмæ бауагъд номхыгъдты кандидаттæй æвзæрст депутаттæ хаст цæуынц депутатты иугæндтæм (фракцитæм). Фракци иу кæны æппæт депутатты (депутаты), депутатты мандаттæ уарынмæ бауагъд номхыгъды æвзæрст кандидатты";

4-6 хæйттæ нымад æрцæуæнт сæ тых фесæфтытыл;

8) статья 13-ы:

1-аг хайы дыккаг абзацы дзырд "иудадзыгон" ивд æрцæуæд дзырд "(иудадзыгон)"-æй;

3-аг хай нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

5-æм хайы дзырдтæ "публикон мадзалы формæйы" æрцæуæнт цухгонд";

6-æм хайы дзырдтæ "Уæрæсейы Федерацийы закъонады амындмæ гæсгæ публикон мадзалы формæйы æмбырдтæ, митингтæ, демонстрацитæ, рацыдтæ, пикетты лæууыны тыххæй" æрцæуæнт цухгонд;

9) статья 18-ы 1-аг хайы дзырдтæ "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы фæзуаты паддзахадон оргæнтæ æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ" ивд æрцæуæнт дзырдтæй "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон оргæнтæ, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ";

10) Статья 19-ы 4-æм хайы:

æртыккаг абзацы дзырдтæ ",Парламенты депутаттæн закъæтты бындурыл лæвæрд льготæтæ æмæ уæлбартæ кæд иугæр сæрмагонд номхыгъдмæ нæ хауынц" æрцæуæд цухгонд;

цыпппæрæм абзац нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

11) статья 21-ы:

1-аг хай нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

2-аг хайы дзырдтæ "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон бынаты æвæрд" æрцæуæнт цухгонд;

12) статья 23-йы дзырд "иудадзыгон" ивд æрцæуæнт дзырд “(иудадзыгон)"-æй

13) статья 24-ы дзырд "иудадзыгон" ивд æрцæуæд дзырд "(иудадзыгон)"-æй;

14) статья 26-ы 2-аг хайы дзырд "иудадзыгон" ивд æрцæуæд дзырд "(иудадзыгон)"-æй;

15) статья 28-ы дзырд "иудадзыгон" ивд æрцæуæд дзырд "(иудадзыгон)"-æй;

16 статья 29-ы:

1-аг хайы дзырдтæ "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Конституцион Тæрхондонæй," æрцæуæнт цухгонд;

2-аг хайы дзырдтæ "паддзахадон оргæнтæ, бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ, куыстуæттæ, уагдæттæ, организацитæ" ивд æрцæуæнт дзырдтæй "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон оргæнтæ, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ";

17 статья 30:

1-аг хайы дзырдтæ "паддзахадон оргæнтæ, бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ, куыстуæттæ (уыдонимæ паддзахадон æмæ муниципалон фысимуæттæ), уагдæттæ, организацитæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы фæзуатыл" ивд æрцæуæнт дзырдтæй "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон оргæнтæ, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ";

3-аг хай нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

18 статья 31 3-аг хайы дзырдтæ "паддзахадон оргæнтæй, бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæй, куыстуæттæй, уагдæттæй, организацитæй Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы фæзуатыл" ивд æрцæуæнт дзырдтæй "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон оргæнтæй, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæй".

19) статья 33 нымад æрцæуæд йæ тыхы нал уæвæгыл;

20) статья 38-ы дзырдтæ "паддзахадон оргæнтæ, бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ, куыстуæттæ, уагдæттæ, организацитæ" ивд æрцæуæнт дзырдтæй "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон оргæнты, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бынæттон хиуынаффæйады оргæнты";

21) статья 39 3-аг хай нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

22) статья 42 2-аг хайы 2-аг пункт нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл;

23) статья 43 нымад æрцæуæд йæ тых фесæфтыл.

**Статья 2.**

Ацы закъон йæ тыхы бацæуы сæрмагондæй йæ ныммыхуыр кæнынæй дæс боны фæстæ.

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг С. Меняйло**

*г. Дзæуджыхъæу*
*2022 аз 6 июл*
*№51-РЗ*

## "ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛКЪ"







МАМИАТЫ Естъа



МУРАСТЫ Ким



МАМИАТЫ Карум



МУРАСТЫ Аким



МАМИАТЫ Тотрадз



МУРАСТЫ Виссарион



МУРАСТЫ Чермен



МУРАЦТЫ Алыкка



МУРАЦТЫ Иван (Нане)



МУРАЦТЫ Коля



МЗОКТЫ Моисей



МЗОКТЫ Æхсарбег

**Юбилей**

# Размæдзыд адæймаджы фæрнæйдзаг хъуыддæгтæ

## *Олисаты Акимы райгуырдыл сæххæст 85 азы*

**Олисаты Аким райгуырд 1937 азы 8 августы Дур-Дуры хъæуы. Йæ фыд уыдис Олисаты Аслæнджери, йæ мад та — Темыраты Мария, бинонтæ уыдысты куыстуарзаг, ныхасæн хицау, дзуапджын.**

**Аким ссис хъуыуонхæдзарадон наукæты доктор, профессор, Уæрæсейы Федерацийы хъæуыон хæдзарады сгуыхт кусæг, РЦИ-Аланийы сгуыхт аграном, Кады ордены æмæ æртæ майданы хицау, Дур-Дуры кадджын гражданин, Информатизацийы дунеон академийы æмæ Экологи æмæ Ædасдзинады дунеон академийы æцæг уæнг. Ахæм бæрзæндмæ схизынæн æй бирæ фыдæбæттæ бахъуыд, фæлæ йæм уыд æрдзон тых, тырныдзинад, уыдта дардмæ.**

Скъола каст куы фæцис, уæд Олисайы-фырт бацыд Хъубаны паддзахадон хъæууонхæдзарадон институты агрономон факультетмæ. Каст æй фæцис иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ, студент уæвгæйæ дæр архайдта фæлварæнтæ кæныныл, наукæмæ уыдис æмхиц. Бацыд институты аспирантурæмæ, уæззау фæлварæнтæ йæ раттын бахъуыд, афтæмæй. Иу бынатмæ цыдысты фондз адæймаджы, уыимæ хорз цæттæгондæй.

Цалдæр азы Олисаты Аким йæ дæсныдзинад фæбæрзонддæр кæныныл архайдта, фæлтæрдджын профессорты разамындæй алыхуызон фæлварæнтæ кодта. Уыцы адæмæй бирæ хорздзинæдтæ базыдта, ахуыргонд-агроном цалдæр наукон куысты ныммыхуыр кодта. Уыдон систы йæ наукон куысты бындур. Ахуырыл, кандидаты диссертацийыл уый хардз кодта 14-15 сахаты бæрц суткæйы. Ахæм тырныдзинады фæрцы 1969 азы Аким йæ наукон куыст Хъубаны паддзахадон хъæууонхæдзарадон институты бахъахъхъæдта.

Уайтагъд æм куыстмæ фæдзырдтой алыхуызон бынæттæм, институты дæр ын бынат уыдис, фæлæ уæд Цæгат Ирыстоны уыйас ахуыргонд-агрономтæ нæ уыд. Уый ныр диссаг у, фæлæ ивгъуыд æнусы 60-æм азты афтæ уыд уавæр. Олисаты Акиммæ дæр æнхъæлмæ кастысты Хæххон хъæууонхæдзарадон институт, йæ кусджытæ æмæ Цæгат Кавказы хохрæбын æмæ хъæууон хæдзарады наукон-иртасæн институт. Æрыгон ахуыргондæн йæ бон уыд Хæххон хъæууонхæдзарадон институты хистæр ахуыргæнæгæй ныллæууын, фæлæ бацыд Цæгат Кавказы хохрæбын æмæ хъæууон хæдзарады наукон-иртасæн институтмæ хистæр наукон кусæгæй.

Абон Олисаты Аким куыд зæгъы, афтæмæй йæ фæндыд наукæйы архайын, уыцы нысантæн æй хъуыд наукон-иртасæн институт. "Ацы ран мæ бон уыд наукæйы аныгъуылын, наукон-иртасæн куысты бæрзонд бæрæггæнæнтæ райсын", — афтæ амоны йæ уыцы фæнд Олисайы-фырт. Институты йæм стыр æргом аздæхтой, тынг æнувыд уыд наукæйыл, йæ бæрæггæнæнтæ уыдысты хорз, фæзминаг. Арæх æй хуыдтой алыхуызон наукон конференцитæм, йæ наукон куыстытæ йын мыхуыр кодтой наукон журналты, суанг Мæскуыйы, Ростовы, æппæт Советон Цæдисы.

Афтæмæй тагъд фæзынд, Олисаты Аким йе 'фсымæр, хъæууонхæдзарадон наукæты доктор Олисаты Владимиримæ цы монографи ныффыста, уый. Баст уыд Цæгат Ирыстоны хъæддаг дыргъытимæ. Фæстæдæр Аким рауагъта монографи Цæгат Ирыстоны дыргъты тыххæй. Нæ алыварс цы республикæтæ æмæ крайтæ ис, уыдоны ахуыргæндтæ йын стыр кад скодтой. Йæ уæндон æмæ барджын къахдзæфтæй Акимы базыдтой Цæгат Ирыстоны, уый ссис хайады хицау наукон институты, равзæрстой йæ институты партийы нымæрдарæй æмæ Горæтгæрон районы партийы райкомы уæнгæй.

Уый фæстæ ссис Цæгат Ирыстоны партийы обкомы уæнгмæ кандидат, фæсидтысты йæм, цæмæй æхсæнадон уагæй партийы къамисы сæрдары хæдивæг суа. Къамисы сæрдар уыд зындгонд адæймаг — Зæгъойты Гацыр, бæрæг дардта йæ дзуапджындзинадæй, фæткыл хæстæй, йæ размæ æвæрд нысантæ æххæст кодта бæстон. Зæгъойы-фырт хорз зæрдæ дардта Олисаты Акиммæ, уырныдта йæ, фидæны дзы ахъаззаг разамонæг кæй рауайдзæн, уый. Аким æй æрымысы куыд хорз ахуыргæнæджы, Зæгъойы-фырт æппæт хъуыддæгтæм дæр дзæбæх арæхст.

Йе 'мбæлттæ, йе 'мкусджытæ Акимы уыдтой бæрнон бынæтты, фæлæиу æй цыдæртæ нықъкъуылымпы кодтой. Уалынмæ йæм 1992 азы фæдзырдтой партийы обкоммæ. Хъæууон хæдзарады хайады нымæрдар Хъæстуаты Тамерлан цалдæр бæрнон адæймаджы цур загъта, егъау совхоз "Первомайский"-мæ йæ разамонгæй арвитынмæ кæй хъавынц, уый. Уавæр æмбæрстгонд уыд, совхозыл уæззау рæстæг скодта. Аким ахъуыды кодта æмæ загъта, "Республикæйæн фылдæр пайда кæм æрхæссон, уырдæм цæттæ дæн цæуынмæ". Афтæмæй ссис совхоз "Первомайский"-ы разамонæг.

Фæкуыста дзы 13 азы дæргъы, уый йæ царды уыд æппæты уæззаудæр рæстæг. "Бахъуыд-иу мæ 15 сахаты бæрц кусын, совхоз фæстæзад уыд. Хъуыдис æй размæ хонын, уый та вазыгджын хъуыддаг уыд. Ædæппæтæй дзы куыстой мин адæймагæй фылдæр. Бирæтыл рацарæзты æгæнонтæ æмæ æгуыстдзинад фæзындысты, уый куыстадон фæткыл бæрæг дардта", — зæгъы Олисаты Аким.

Мæхæдæг Акимимæ алыхуызон темæтыл бирæ хæттыты дзырдтон, кæрæдзи хорз зонæм. Æхсызгонæй хъуыстон, совхозыл куыд схæцыд, раззагдæр бынатмæ йæ куыд хуыдта, уыдæтты тыххæй. Афтæ зæгъæн ис, æмæ уыд директор, милиционер, хъахъхъæнæг, механик æмæ ма æндæр дæсныйæдты хицау дæр. Иу удæй сфæнд кодта совхоз размæ рахонын, фæлæ дзы куыстой алыхуызон адæм. Кæй фæндыд кусын, кæй нæ фæндыд, чи нуазгæ кодта, чи бонасадæнтæ. Олисайы-фырт къæрцхъус уыд алцæмæ дæр, алыхуызон хабæрттæ дæр ма-иу ыл æрхъуыды кодтой. Акиммæ гæсгæ мæ зæрдыл æрлæууы Михаил Шолоховы "Поднятая целина"-йы хъæбатыр Семен Давыдов... Фæлæ йæ къухы бафтыд, совхоз размæ рацыд.

Йæ хæдзармæ цыд æрмæст дзы бахсæвиуат кæнынмæ, кæм мæстджынæй, кæм æнæхъаруйæ. Бон боны фæстæ, аз азы фæстæ, бирæ цæуылдæртыл йæхæдæг дæр сахуыр, кæмдæр йæ зондахаст дæр фæивта. Нæ адæмы хъуыдыкæнынад хорз бамбæрста, "æмæ ды мæнæй цæмæй лæгдæр дæ", уыцы фæткæй никуыдæм хизынц. Фæлæ коллективы уыд куыстхъом адæм дæр, уыдоныл уыд æууæндæн. Фæстагмæ йæ цуры балæууыдысты, раздæр æм хъуынтъызæй чи каст, уыдон дæр. Олисаты Акимæн фадат уыд сæ мыздыл сын æфтауын, сæ хорз куысты тыххæй сын премитæ дæттын.

Афтæмæй Джызæлы æмæ æппæт Горæтгæрон районы дзурын райдыдтой Олисайы-фырты куыстхъомдзинадыл, йæ ахъаззаг зондыл, куырыхондзинадыл. Аким йæ дæлбар кусджытæм уыд рæстаг, сæ ахастдзинæдтæ йæ æндæвтой. Уыдæттæ æнцон нæ уыдысты, фæлæ йæм фæзынд фæлтæрддзинад æмæ дзы дарддæр дæр иуварс нæ ахызт. Дур-Дуры хъæуы цæрджытæ кæрæдзи хорз зонынц, алы мыггаджы лæмæгъ æмæ тыхджын фæзилæнтæ сын зындгонд сты. Хъæуы цард уыдæттæй бæрæг дары. Хистæр кары фæлтæр уын æхсызгонæй радзурдзысты Олисаты Акимы æмæ йе 'фсымæртæ Владимир æмæ Мураты тыххæй, йæ хоты тыххæй. Олисаты Владимир уыд хъæууонхæдзарадон наукæты фыццаг доктор Цæгат Ирыстоны.

Олисаты кой кæнгæйæ, фыццагдæр бафиппайынц сæ хъæддыхдзинад, Аким дæр уыцы æууæлæй æххæст у. У фæразон, быхсондзинадæй æххæст. Мæ зæрдыл æрлæууыд Виктор Гюгойы хатдзæг, ома, цытджын уды сусæгдзинад æмбæхст ис хъæддыхдзинады. Лæгдзинадæн уый у йæ мæцъисы цалх... Аким дæр уыцы миниуджытæй æххæст у, æрыгоны бонтæй фæстæмæ уыд хъæддых, фидар, тырнаг. Йæ фыдгултæ йæ хуыдтой хивæнд, фæндыд сæ цæсты йæ бафтауын. Фæлæ Олисаты Аким хæст уыд хъæддыхдзинадыл, йæ размæ цы нысан æвæрдта, уый хъуамæ сарæзтаид. Иу гыццыл дæм фанатизм куы нæ хæццæ кæна, уæд æнтыстдзинады кой ма кæн.

Йæ 60 азы бон дзы газет "Северная Осетия"-йы уацхæссæг Суанты Сергей райста интервью. Хъæууон хæдзарадмæ йæ йæ фæндаг куыд æрбахуыдта, уыцы фарстæн радта ахæм дзуапп: "Цард мæ уырдæм æрбахуыдта, райгуырдтæн хъæуккаг хæдзары, мæ фыд куыста колхозы сæйраг бухгалтерæй, мæ мад — рæдауæндоны. Сывæллонæй-иу хуыцаубонты, каникулты куыстон быдыры. Бирæсывæллонджын бинонты фæрæзтæ хъуыд, нæ цæхæрадоны дæр-иу мæ бахъуыд кусын. Сарæхстæн тарктoрыл, бæхыл бадынмæ, бæлæстæм зылдтæн. Æфсады басл ужбæ кодтон æмæ бацыдтæн Хъубаны паддзахадон хъæууонхæдзарадон институтмæ".

Хъæуы мидæг адæм æппынæдзух кусгæ кодтой, æрмæстдæр рынчынтæ хæдзæртты бадтысты. Олисайы-фырт райста хъæуккаг фидардзинад, тырныдта йæ размæ æвæрд нысанмæ. Суанты Сергейæн куыд радзырдта йæ 60 азы бон, афтæмæй æппæт хорздзинæдтæ сты йæ ныййарджыты фæрцы. "Мæ фыд æмæ мæ мад мæ ахуыр кодтой фыдæбоныл, хорз зæрдæ дарыныл. Фондз сывæллоны хъомыл кодтой, æмæ ма райстой сидзæр чызджы, мæхъæлон сывæллон иунæгæй баззад. Уыдæттæн стыр аргъ кæнын, мæ ныййарджыты раз мæ зонгуытыл лæууын. Ныр цардæй ахицæн сты... Мæ фыд-иу афтæ дзырдта, æнæ зонындзинæдтæй адæймаджы бон ницы у. Йæхæдæг адæммæ хъæддых дæр уыд æмæ фæлмæнзæрдæ дæр. Ахуыр мæ кодта мæ размæ æвæрд нысантæм фидарæй цæуыныл", — афтæ мысы рагбонтæ Аким.

Æхсæз сывæллоны схæссын æнцон кæм уыд, царды рæстдзинæдтæ сын бацамонын, раст фæндагмæ сæ рахонын — уый уæды рæстæг æппæты ахсджиагдæр хъуыддаг уыд. Олисаты хистæртæн уый сæ къухы бафтыд.

Бирæ зындзинæдты, уæззау азты фæстæ Олисаты Аким банкъардта, адæм æй куыд нымайынц, уый. Ивгъуыд æнусы 90-æм азты уыдис æппæты нымаддæр специалист хъæууон хæдзарады. Бирæ азты йæ æвзæрстой Джызæлы хъæууон советы депутатæй, фæндаг æй рахуыдта Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советмæ. Депутат суæвгæйæ, Аким 1990 азы йæхи равдыста нысанмæарæзтæй, хъуыдыджын политикæй, хъæууон хæдзарад аразынхъомæй, ахуыргондæй, курдиатджын разамонæгæй. Алы хъуыддаджы дæр тырныдта бæлвырд бæрæггæнæнмæ, уыдæттæ æнæ бафиппайгæ нæ уыдысты йæ фыдгултæ дæр.

Олисаты Аслæнджери æмæ Марияйы цот рауадысты нымад, сæ арæхстдзинадмæ гæсгæ сæ агуырдтой куыстмæ. Сæ иттæг хорз куысты тыххæй сын лæвæрд æрцыд алыхуызон хæрзиуджытæ. Иу хæдзарæй наукæты дыууæ докторы, дыууæ профессоры рацæуой, бындурон наукон куыстытæ ныффыссой, уый кæуылты хъуыддаг у?! Аким æрмæст "Первомайский"-ы совхоз размæ кæй рахуыдта, уый дзуры йæ бæстон æмæ бæрнон архайдыл. Раззагдæр кусджытæ совхозы руаджы райстой хорз фадатджын фатертæ. Уыдæттыл фыдæбон, фæллой кæнын хъуыд. Коллектив, йæ сæргъы Олисаты Аким, афтæмæй размæ йæ ных сарæзта.

Бирæ мыггæгтæ, бирæ бинонты у мæ бон ранымайын, Аким йе 'ххуысы хай кæмæн нæ бавгъау кодта, ахæмты. Фæлæ йын йæ фæрнæйдзаг хъуыддæгтæ æмхуызонæй рæгъмæ нæ хæсдзынæн. Уыдæттæ кодта Сæйраг Советы депутат уæвгæйæ, куыстæй рацæугæйæ. Мæхæдæг иу рæстæг куыстон Кæсæг-Балхъары республикон газет "Советская молодежь"-ы, уым мæ сахуыр кодтой рæстдзинад фыссын, алкæй зæрдæмæ уый нæ цыд. Цавæрдæр æвзидæнтæиу мæм æрвыстой, фæлæ Олисаты Акимы сгуыхтдзинæдтыл дзургæйæ, йе 'ппæт æнтыстдзинæдтæ нымайын мæ нæ фæнды. Уымæй йæ кадыл уæлæмхасæнтæ нæ бафтдзæн.

Адæмæй рох кæнын райдыдтой ивгъуыд æнусы уæззау æмæ змæст 90-æм азтæ, уæд Уæрæсе уыд йæ фехæлыны къæсæрыл. Ныхмæлæууæг тыхтæ архайдтой нæ бæстæ ныппырх кæныныл, этнополитикон уавæр, нациты 'хсæн ахастдзинæдтæ змæстой. Уæрæсейы æнæхъæндзинад бахъахъхъæнынæн стыр ахъаз фæцис Федеративон бадзырд, бафыстой йæ Мæскуыйы Кремлы, 1992 азы 31 мартъийы. Документы политикон-барадон бындурæн нырма хуызæнæн аргъ нæма скодтой ахуыргæндтæ-историктæ, политологтæ, юристтæ. Нæ республикæйæ йæ бафыста республикæйы разамонæг Галазты Æхсарбег, делегацийы уæнгтимæ уыд Олисаты Аким дæр.

Цы уæлæмхасæн ивддзинæдтæ бахастой Бадзырдмæ, уыдон нымад æрцыдысты, семæ сразы сты иннæ делегацитæ дæр. Олисайы-фырты кадыл уый бафтыдта, политикон æмæ наукон къорды йæ дзырддзæугæдзинад фæбæрзонддæр. Мæхъæлон экстремисттæ нæм куы æрбалæбурдтой, уæд уавæр банывыл кæныны тыххæй Акимæн бабар кодтой хицауадон къамисы сæргъы æрлæууын. Къамисы уæнгтæ уыдысты Тедеты Павел, Мецъаты Эдуард, Ходы Алыксандр, Хъантемыраты Георги æмæ æндæр бæрнон адæймæгтæ. Олисайы-фырт рæгъмæ хаста алыхуызон мадзæлттæ, æрмæстдæр цæмæй дыууæ сыхаг адæм кæрæдзи бамбарой. Бæстæйы Конституци æмæ Федеративон бадзырд куыд амыдтой, уыдæттæ йын фесты ахъаз.

Ничи бадис кæндзæн, 1996 азы февралы, республикæйы Президент Галазты Æхсарбег æй Хицауадмæ кусынмæ кæй æрбахуыдта, ууыл. Ссис паддзахадон агропромышленнон комплексы комитеты сæрдар. Ноджы бæрнондæрæй бавнæлдта ацы нысантæм, фæлæ дзы æргом æнтыстдзинæдтæ нæ разынд. Фыццаг Президенты командæйы бахъуыд æппæты вазыгджындæр фарстатæ лыг кæнын. Уыдысты æмхæццæ, кæрæдзи ныхмæ, уыдон Уæрæсейы Федерацийы иу субъекты тыгъдады рæстагæй алыг кæнæн нæ уыд. Хъуыдис сын рæстæг æмæ стыр авналæнтæ. Уымæ гæсгæ йæ командæ бахауд критикæйы, алы 'рдыгæй хъуыстис мæстджын ныхас. Хъæууон хæдзарад размæ рахоныныл Аким архайдта æнæрынцойæ, йе 'ппæт тыхтæ æмæ хъомысæй пайда кæнгæйæ.

Олисайы-фырты тыххæй дзургæйæ, фæнды мæ йæ наукон архайды тыххæй зæгъын. К.Тимирязевы номыл Мæскуыйы хъæууонхæдзарадон академийы 1997 азы бахъахъхъæдта докторон диссертаци, баст ын уыд хæххон фæзуæттыл дыргътæ зайын кæнынимæ. Бирæ арфæйы ныхæстæ райста уыцы куысты тыххæй. Йæ бон бацис, дыргътæ хæххон бæрзæндты куыд зайынц, цавæр физиологон реакцитæ дзы хъуамæ æрцæуа, уыдæттæ рæгъмæ рахæссын. Бирæазыккон фæлварæнты, наукон хатдзæгты фæрцы Акимы къухы бафтыд, хæххон фæхстыл фæткъуы бæлæстæ садзын кæй хъæуы, уый рæгъмæ рахæссын, иннæ культуртæ та чъерами, чылауи, æнгуз, бал кæй хъуамæ уой, уый.

Йæ наукон хатдзæгтæ сты бæлвырд, нымад, барст. Ныртæккæ дæр чингуытæ, монографитæй пайда кæнынц. Йæ фыдгултæ дæр ын йæ наукон куыстытæ нымайынц, гуырысхойаг не сты. Куыд бæрнон æмæ нымад специалист, куыд хъæууонхæдзарадон наукæты доктор, афтæ Олисаты Аким уыд Цæгат Ирыстоны Хæххон аграрон университеты æмæ Кæсæг-Балхъары паддзахадон академийы диссертацион советты уæнг. Йæ бинонты дæр ын хорз зонын, йæ бинойнаг Белеккаты Изабеллæ йын алывæрсыг æххуыс кæны. У медицинон наукæты кандидат, Медицинон академийы доцент, кусы дзы 40 азæй уæлæмæ.

Акимимæ схастой чызг Фатимæ æмæ фырт Сосланы. Чызг у дохтыр, кусы Мæскуйы Кардиологон центры, сæ фырт та у юстицийы уынаффæгæнæг, республикæйы Прокуратурæйы фыдæбон кæны. Ахæм сты размæдзыд адæймаджы фæрнæйдзаг хъуыддæгтæ...



**ДЗИДЗОЙТЫ Валери, профессор**

**Æхсызгон фембæлд**

# Мобилон технопарк кусы

**Сæрд йæ тæмæны бацыд æмæ мобилон технопарк "Кванториум" йæ куыст дарддæр кæны.**



Зондамонджыты командæ бабæрæг кодта Тæмискъ, сывæллæтты дзæбæхгæнæн лагер "Чысыл стъалы" æмæ реабилитацион центр "Феникс". Сывæллæттæм мастер-класcты фæрцы ног зонындзинæдтæ фæзындысты.

Ацы хатт программæмæ бахастой "Аэро-Гео" æмæ "IT технологиты" къабæзтæм гæсгæ ахуырад. Виртуалон тыгъдады архайын куыд æмбæлы, сывæллæттæн уый тыххæй хабæрттæ радзырдтой, стæй сæ базонгæ кодтой æнæпилот тæхæн аппаратты проекттæ цæттæ кæныны куыстимæ. Зондамонджытæ сывæллæттæн бамбарын кодтой амынд къабæзты ахадындзинад, стæй сын уынаффæтæй æххуыс кодтой.

Фæсивæдмæ мобилон "Кванториум"-ы зондамонджытимæ фембæлдтыты рæстæг хорз æнкъарæнтæ кæй сæвзæрд, уый нымайгæйæ, технопарк республикæйы районтæм дарддæр балцы цæудзæн.

Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Аивад**

# Персоналон равдыст

**Дзæуджыхъæуы историйы музейы байгом Тандуты Агуындæйы персоналон равдыст.**



"Тандуты Агуындæйы стыр балц", зæгъгæ, афтæ кæй схуыдтой, 36 куыстæй арæзт уыцы равдыст адæймаджы зонгæ кæны сывæллоны æнкъарæнтимæ.

Ацы нывтæ æвæлтæрд ахуырдзау скодта, зæгъгæ, равдыст фенынмæ æрбацæуæг адæймаг райдайæны афтæ ахъуыды кæндзæн, фæлæ фæстæдæр нывты авторы бирæвæрсыг курдиат раргом вæййы.

— Мæ конд нывты ахæм стыр равдыст фыццаг хатт сарæзтон. Адæймаг цардбæллон кæй хъуамæ уа, мæ конд нывтæй уый зæгъынмæ хъавын. Æвзæрдзинæдтæ æддейæ æрбацæуынц, адæймаджы равг та хъуамæ æхцон æмæ сабыр уа, — зæгъы Тандуты Агуындæ.

Уæрæсейы адæмон нывгæнæг Бедойты Шалва æмæ аивады къабазы архайæг æндæр адæймæгтæ Агуындæйæн йæ персоналон равдысты фæдыл раарфæ кодтой.

**Нæ уацхæссæг**

**Акци**

# Туг радтой

**Донорты æрвылазон æппæтуæрæсеон акцийы архайгæйæ, Уæрæсейы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы кусджытæ регионы тугхъуаг рынчынтæн радтой 5 литрæй фылдæр туг.**



— Донорты змæлды рæзтмæ стыр æвæрæн чи бахаста æмæ "Уæрæсейы кадджын донор"-ы ном кæмæ ис, нæ уыцы æмслужбæгæнджытæ, пъæлицæйы старшина Джиголаты Алыксандры æмæ хистæр сержант Дзанайты Ацæмæзы бафæзмыны фæнд скодтам. Цалдæр азы дæргъы туг радтыны фæрцы медиктæн адæймаджы цард ирвæзын кæнынæн æххуыс кæнæм, — загътой акцийы архайджытæ.

Туг радтыны размæ барадхъахъхъæнджытæ экспресс-анализтæ радтой, стæй дохтыртимæ медицинон æууæлтыл ныхас кодтой.

— Абон туг фыццаг хатт радтон. Рæстæгæй-рæстæгмæ алыхуызон донорон акциты архайæг ме 'мслужбæгæнджыты бафæзмыдтон. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, искæй цард аирвæзын кæныны фадат кæд ис, уæд дзы æнæмæнг спайда кæнын æмбæлы. Сæ куысты хæстæ биноныг æххæстгæнæг медиктæн — бузныг, — зæгъы пъæлицæйы хистæр сержант **Гуыриаты Зауырбег**.

Республикæйы тугдæттæн станцæйы разамынд цыфæнды рæстæг адæмæн баххуыс кæнынмæ цæттæ уæвæг гвардионтæн бузныг загъта.

**Нæ уацхæссæг**

## Спортивон фидиуæг



**Футбол**

# "Аланыстон" фæуæлахиз "Уфа"-йыл

**Дзæуджыхъæуы "Аланыстон" Уæрæсейы фыццаг къорды ("Мелбет"-ы) футболон чемпионаты 7 августы уазæгуаты фембæлд Башкиры Республикæйы командæ "Уфа"-имæ.**

Ацы фембæлды размæ "Уфа" цы æртæ хъазты акодта, уыдонæй фæйнæ иу хатты хæрæгсаст æмæ хæрд фæцис, иу хатт та æмбулгæ ракодта. Афтæмæй командæйы хыгъды уыдис 4 очкойы. "Аланыстон" та йæ æртæ хъазтæй иуы æмбулгæ ракодта дыууæ хатты та хæрæгсаст фæцис, æмæ йæ хыгъды уыдис 5 очкойы.

Нæ республикæйы футболуарзджытæ бынтон разы нæ уыдысты, нæ командæ йæ фыццаг æртæ хъазты йæхи куыд равдыста, уымæй æмæ цымыдисæй æнхъæлмæ кастысты Уфайы сæ хъазт куыд рауайдзæн, уымæ. "Аланыстон"-ы иузæрдион фарсхæцджыты уырнындта, нæ футболисттæ сæ архайд кæй фæтыхджындæр кæндзысты, æмæ, æцæгæйдæр, сæ дард балц рауад уæлахизхæссæг.

Уфайы стадионы нæ командæйы рæнхъы фæзмæ рацыдысты: **№1 — Ростислав Солдатенко, №19 — Бутаты Аллон, №5 — Багаты Алан (90+3' — Дауыраты Руслан №70), №15 — Хъоцыты Хетæг, №13 — Зассеты Азæмæт (72' — Хуыгаты Алан №8), №77 — Хæбæлаты Алан, №22 — Цæраты Алан (90+3' — Саулохты Давид №3), №80 — Хосонты Хетæг, №20 — Артур Галоян, №7 — Абу-Саид-Эльдарушев (66' — Александр Ташаев №88), №78 — Андрей Мазурин (46' — Николай Гиоргобиани №99).**

Фембæлд рауад цымыдисаг. Дыууæ командæйы дæр сарæзтой бирæ ныббырстытæ. Цыргъ уавæртæ æвзæрдысты куы уазджыты, куы та фысымты иварон фæзты. Хыгъд байгом кæнынмæ фылдæр хæттыты хæстæгдæр уыдысты алайнæгтæ, æмæ сын уый бантыст 40-æм минутыл. Нæ футболисттæ уыцы минутыл цы ныббырст сарæзтой, уым нæ размæбырсджытæн баххуыс кæнынмæ атындзыдта нæ командæйы хъахъхъæнæг Багаты Алан дæр. Уый иттæг хорз фæцарæхст, къуымонæй цы пурти æрбалæвæрдтой нæ лæппутæ, уымæ æмæ йæ фысимты дуары фæмидæг кодта.

Фыццаг тайм ахицæн 1:0 хыгъдæй "Аланыстон"-ы пайдайæн.

Улæфты фæстæ фысымтæ афæлвæрдтой уазджыты цъысыммæ батæрынил, фæлæ уыдон фидар фæлæууыдысты æмæ сæхæдæг ног ныббырстытæ сарæзтой "Уфа"-йы дуармæ бацæуæнтæм хæстæг. Уыцы æвиппайды размæбырстытæй иуы дыккаг хатт фесгуыхт Багаты Алан. Йе 'мбæлтты архайдæн Алан 54-æм минутыл скодта арфæйаг кæронбæттæн, æмæ йæ цæфы фæстæ хыгъд ссис 2:0 "Аланыстон"-ы пайдайæн.

Хъазты кæронмæ ма, цы рæстæг баззад, уым фысымтæ сæ тых-сæ бонæй архайдтой хъазты цыд сæхи пайдайæн раздахынмæ, фæлæ алайнæгтæ къæрцхъусæй фæлæуудысты сæ фидæрттæ бахъахъхъæнынмæ, æмæ сын уый æрхаста ноджыдæр ма иу æнтыст. Хъазты 88-æм минутыл алайнæгтæ фæсикк кодтой фысымты æрбабырст æмæ сæхæдæг æвиппайды атындзыдтой размæ. Уыцы бабырсты рæстдзæвин разынд, 72-æм минутыл хъазæн фæзы Зассеты Азæмæты чи раивта, уыцы æрдæгхъахъхъæнæг, Хуыгаты Алан. Йæ цæф нæ командæйæн æрхаста 3-аг гол. Хъазты рæстæгмæ ма, тæрхонгæнæг цы уæлæмхасæн 5 минуты бафтыдта, уыдонæй 90+3-æм минутыл фысымты бабырст фæрæстмæ, æмæ сæ хъазæг **Владислав Камиловæн** бантыст иу дзуаппон пурти бакъуырын уазджыты дуары.

Хъазт ахицæн 3:1 хыгъдæй "Аланыстон"-ы пайдайæн æмæ ныр, цыппар хъазты фæстæ 8 очкоимæ нæ командæ цæуы 3-аг бынаты.

Нæ командæйы радон фембæлд цæудзæн 14 августы Грознайы. Уым "Аланыстон"-ы уазæг уыдзæн "Нефтехимик".

Нæ футболисттæ, "Уфа"-имæ хъазгæйæ, сæхи куыд равдыстой, уый нын ныфс дæтты, нæ командæйы архайд хъæддыхæй-хъæддыхдæр кæй кæндзæн, уымæй.

4-æм туры хъæзтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: "Енисей" — "Велес" — 2:1, "СКА-Хабаровск" — "Акрон" — 3:0, "Родинæ" — "Волгар" — 0:0, "Уфа" — "Аланыстон" — 1:3, "КамАЗ" — "Краснодар-2" — 1:1, "Волга-Ульяновск" — ПФК "Хъубан" — 1:4, "Динамо-Махачкала" — "Шинник" — 2:1.



| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. КамАЗ | 4 | 3 | 1 | 0 | 6-3 | 10 |
| 2. Енисей | 4 | 2 | 2 | 0 | 7-5 | 8 |
| 3. Аланыстон | 4 | 2 | 2 | 0 | 7-3 | 8 |
| 4. Арсенал | 3 | 2 | 1 | 0 | 7-3 | 7 |
| 5. Хъубан | 4 | 2 | 1 | 1 | 6-2 | 7 |
| 6. Волгар | 4 | 2 | 1 | 1 | 4-4 | 7 |
| 7. Краснодар-2 | 4 | 2 | 1 | 1 | 4-4 | 7 |
| 8. Рубин | 3 | 1 | 1 | 1 | 4-3 | 4 |
| 9. Балтикæ | 3 | 1 | 1 | 1 | 5-4 | 4 |
| 10. Шинник | 4 | 1 | 1 | 1 | 5-7 | 4 |
| 11. Уфа | 4 | 1 | 1 | 2 | 3-6 | 4 |
| 12. Нефтехимик | 3 | 1 | 1 | 1 | 2-1 | 4 |
| 13. Динамо | 4 | 1 | 1 | 1 | 4-3 | 7 |
| 14. Родинæ | 4 | 1 | 1 | 2 | 3-5 | 4 |
| 15. СКА-Хабаровск | 4 | 1 | 0 | 3 | 7-7 | 3 |
| 16. Велес | 4 | 1 | 0 | 3 | 3-6 | 3 |
| 17. Акрон | 4 | 0 | 1 | 3 | 3-8 | 1 |
| 18. Волга | 4 | 0 | 1 | 3 | 3-9 | 1 |

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Хæсты азæлд

# Ирон салдаты стджытæ

**Дыккаг дунеон хæст кæм цыд, Тверы облæсты агурджытæ ахæм ран ссардтой фæмардуæвæг советон салдаты стджытæ.**

Æфсымæрон ингæны разынд фыстæгимæ капсулæ. Фыстæджы фæрцы фæмардуæвæг сырхæфсæддоны — Хуссар Ирыстонæй рацæуæг, 1920 азы райгуырæг Гуыбиаты Григорийы фырт Христофоры ном сбæлвырд кæнын бантыст.



Тверы агурæг къорд "Ногдзау" куыд фехъусын кодта, афтæмæй, 1940 азы ноябры Сырх Æфсады рæнхъытæм кæмæ фæсидтысты, уыцы Гуыбиаты Христофор службæ кодта салдатæй (афтæ бацамыдта Христофоры мад Гуыбиаты Марья Иваны чызг, 1950 азы агуырды фæдыл анкетæйы нысантæ æвæргæйæ). Сырхæфсæддон йæхæдæг йе 'фсæддон бынат бацамыдта "санинструктор"-æй.

Ныридæгæн агурджытæ Христофоры хиуæтты ссардтой.

**Нæ уацхæссæг**

## Арфæ

# Сланты-Коцойты Полкæйы чызг Азæйæн йæ юбилейы фæдыл



*Ацы бонты нæ уарзон, нæ зынаргъ æмæ буц хистæр Сланты-Коцойты Азæйæн бæрæг кæндзыстæм йæ 90 азы бон. Алцымбарæг, зондамонæг æмæ цæстуарзон бабуйæн ис бирæ кæстæртæ, уыдон цæуынц адæмы æмрæнхъ æгъдауджын æмæ хæдæфсармæй, хæрзуд æмæ рæстзæрдæйæ. Йæ кæстæртæ арæх бабуц кæнынц карджын сылгоймаджы сæ хорз хъуыддæгтæ æмæ хабæрттæй.*

*Нæ зынаргъ Азæ! Нæ зæрдæ дын зæгъы æнæниздзинад æмæ бинонты хорздзинад, кæстæрты амонд æмæ рæстæджы хорзæх!*

*Дæ сæдæ азы сæрты нын цæстырухс æмæ уæнгрогæй акæс!*

*Мады-Майрæм дын æххуысгæнæг уæд!*

***Бирæ дæ чи уарзы, уыдоны номæй ЦÆЛЛАГТЫ Юри, Заремæ, сæ цот æмæ уыдоны хъæбултæ***

## Бакæс, базон

# Цайы миниуджытæ

**Зындгонд куыд у, афтæмæй сау цай бон æртæ агуывзæйы куы цымай, уæд дын къаддæр тас уыдзæн зæрдæйы низтæй фæрынчынæй. Уымæй уæлдай, цай къуылымпыйы хос у диабеты рæстæн, хорзæрдæм зыны буаргъæдты ивынадыл. Фтор дзы бирæ кæй нæй, уый фæрцы фидардæр кæны дæндæгтæ.**



Ацы ран ныхас "фæлæ"-йæн æнæ зæгъгæ нæй. Уымæн æмæ цай бирæ цымын у тынг зиан. Ома, бон фондз агуывзæ æмæ нoджы фылдæр куы цымай, уæд де 'нæниздзинадыл æвзæрæрдæм фæзындзæн. Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй, цай бирæ цымгæйæ, адæймаджы буары фтор сбирæ вæййы. Уый та расайы адæймаджы стæгдары флюорозмæ. Уыцы низ кæмæ фæхæццæ вæййы, уымæн риссын райдайы йæ астæу, тæссаг ын вæййы, йæ дæндæгтæ ирууылдæр куы рахауой, уымæй. Иртасæн куыстыты куыд рабæрæг, афтæмæй, бон авд агуывзæйæ фылдæр чи цымдта, уыцы нæлгоймæгты 'хсæн ракæй рынчынтæ уыд, цас æмбæлы, уымæй фылдæр чи нæ цымдта, уыдонæй иу æмæ 'рдæг хатты фылдæр.

## Номарæн

# Дзасохты Ханджерийы фырт Батрадзæн



**Алцæмæй дæ бузныг дæн,**
**Уарзтон дæ æгæр.**
**Цард дæуæй æз бамбæрстон,**
**Адæмæн сæ хъæр.**

**Алкæимæ цардтæ ды**
**Уарзонæй, рæстæй.**
**Де 'ххуысы хай алкæмæн**
**Уыд дæ уд, дæ цæст.**

**Уазал цæстæй никæмæ**
**Ракастæ æппын.**
**Алкæй дæр дардтай ды**
**Зæрдæйы рæбын.**

**Уæд, хъысмæт, цæмæн уыдтæ,**
**О, æгъатыр, цæ?!**

**Иутæм кæсыс худгæйæ,**
**Иннæтæм — тызмæг...**

**Баулæф нæ мæтæй ныр,**
**Нал тыхсæм дæуыл.**
**Фестад зæд дæ дзæбæх уд,**
**Мах сæрмæ тæхдзæн.**

**Æмæ ныл хæрзаудæн**
**Уырдыгæй-иу кæн.**
**Суадз сыгъзæрин талатæ,**
**О, Батрадз, мæрдтæй!**

**Дардтай нын бухайраг худ,**
**Кадимæ, Батрадз.**
**Æгъдау хæссынмæ райгуырдтæ,**
**Æмæ кадимæ ацыдтæ!**

**КÆЛУХТЫ Фатимæ**

***

**Дзасохты бинонтæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Дзасохты Ханджерийы фырт Батрадзы зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, сæ рисæй сын чи айста, уыцы æрцæуæг дзыллæйæн æмæ хъусын кæнынц, йæ дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн 13 августы, сабаты, Красногоры, Ленины уынджы 57-æм хæдзары.**

## Мифологон æгъдауæй




**Ос-Бæгъатыры номыл Национ рæзты институты кусджытæ ныр фæстаг дæс азы дæргъы кусынц ирон адæмы национ химбарынады, йæ паддзахаддзинады, дунеон культурæмæ йæ бахоныны доктринæйы уавæртыл. Ацы ран сæйрагдæр у ирон адæмы фæзуатон-политикон иудзинад.**

Мифологион æгъдауæй ир-ас-алайнаг адæмы баиуы фарстамæ акæсæн ис. Уым Иры буар адæм æмæ Хуыцауы буаримæ æмахаст сты, сау тыхтæ Иры буар дыууæ дихы фæкодтой. Æрмæстдæр куы баиу уой, уæд цытджын Алани-Ирыстон дæр йæхиуыл схæцдзæн. Мифæн йæ логикæ ахæм у, уыдæттæ хорз æмбарынц, мифологон зондахастыл хæст ныркккон алантæ.

Рагон мысирæгтæ цы миф дзырдтой, уымæ гæсгæ саузæрдæ Хуыцау Сет хуры хуыцау Осирисы хинæй амардта. Йæ буар ын цыппæрдæс дихы акодта æмæ сæ æппæт Мысырыл аппæрста. Хуры хуыцауы бинойнаг буары æппæт хæйттæ æрæмбырд кодта. Магийы фæрцы йын дзы хуры хуыцау Хорæ фæзынд...

Адæмон буар æрæмбырд кæнгæйæ, алантæн сæ къухты бафтдзæн сæхи æрæмбарын, Хуры цотау сног уæвын. Рагон адæм нын афтæ амонынц. Аланийы иудзинад у нæ абоны национ тырнынад.

**ФИДАРАТЫ Ларисæ, институты хайады хицау**

## Æмгуыстад

# Равдыстой сæ арæхстдзинæдтæ

**Фæндæгтыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы дзæуджыхъæуккаг хайады инспектор, пъæлицæйы капитан Лерæ Толова æмæ рæвдауæндон "Диалог"-ы физикон культурæйы разамонæг скодтой спортивон-базонæн бæрæгбон. Сæ зæрды уыд фæндæгтыл æдасæй цæуыны уагæвæрдтæ базонын, бæрæгбон схуыдтой "Алы ран дæр æдас уæвын! Фæндагыл æмæ доны!"**



Чысыл фистæгцæуджыты автоинспектор зонгæ кæны фæндагыл цыды уагæвæрдтытимæ. Цæмæй доны сæхи æдасæй æнкъарой, уый тыххæй спайда кодта рæвдауæндоны бассейнæй. Сывæллæттæм æнхъæлмæ каст рæсугъд бассейн, йæ дон хъарм, хуры тынтæ дзы хъазыдысты.

Хъуамæ сабитæ равдыстаиккой сæ спортивон арæхстдзинæдтæ, сæрæндзинад, фæндагыл æдасæй цæуыны æуууæлтæ. Сывæллæтты командæтыл адих кодтой, уыдон дæр сæрæнæй бавнæлдтой хъæлдзæг рухснысан æмбырд кæнынмæ, уагæвæрдмæ гæсгæ аленк кодтой бассейны. Уым, йæ быны, машинæтæ æмæ фæндаджы нысантæ ссарын та сын æххуыс кодтой сæ ныййарджытæ.

Кæронбæттæн автоинспектор сабиты зæрдыл æрлæууын кодта фæндагыл æдасæй цæуыны фæтк, балæвар сын кодта майдантæ, рухсдæттæг цæнгдарæнтæ, адджинæгтæ. Фембæлды нысан æрмæст æдасæй фæндаджы сæрты ахизын нæ уыд, фæлæ ма сын се 'ргом аздæхтой спортмæ, уымæй иммунон системæ, агайæн аппарат фидардæр кæнынц.

**БАЙЦАТЫ Ленæ, рæвдауæндоны методист**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

### Хъусынгæнинаг



***14 августы, хуыцаубоны, Хуссар Ирыстоны, Цхинвалы районы, Дменисы хъæуы уыдзæн Джиголаты мыггаджы куывд.***

***Хуынд цæуынц, æрвадиуæг кæимæ кæнынц, уыцы мыггаг — Джеллытæ, хæрæфырттæ æмæ сиæхстæ.***

***Уæ фарстытимæ бадзурæн ис телефонæй: 8-928-934-35-47 (Толик).***

### Хъусынгæнинаг

Адæмон фронт рауагъта проект "Æппæтдæр — Уæлахизæн!" Уыцы проекты фæлгæты регионалон хайæдтæм æрбахæссæн ис æфсæддон дæлхайæдтæ æмæ сабыр цæрджытæн дзаумæттæ, уыимæ, материалон-техникон фæрæзтæ æфсæддонтæн.

Ис ма сын æхцайы фæрæзтæй баххуыс кæнæн официалон сайтæй: **https://pobeda.onf.ru/.**

Бæстон хъусынгæнинаг проекты архайыны тыххæй райсæн ис телефонæй: **8-(800)-200-34-11,** стæй ма официалон сайтæй дæр **https://pobeda.onf. ru/.**

Адæмон фронты регионалон хайады адрис: **Дзæуджыхъæу, Димитровы уынг 2, телефон: 70-70-08.**



**РЦИ-Аланийы Æфсæддон комиссарад сиды граждæнтæм æфсæддон службæмæ контрактон бындурыл Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм.**

**Æвзæрст цæуынц, 18 азæй 50 азы онг кæуыл цæуы, йе 'нæниздзинад фидар кæмæн у, наркологон æмæ психотерапевтон диспансеры хыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, ахæм адæймæгтæ.**

**Социалон пакет æмæ 200 мин сомæй уæлæмæ.**

**Уæ бон у, цы ран цæрут, уыцы бынаты бацæуын æфсæддон комиссарадмæ кæнæ æфсæддон контрактон службæмæ æвзарæн пунктмæ.**

**Фарстытимæ бадзурæн ис телефонтæй: 8-(8672)-25-68-92, 8-(8672)-76-83-75.**

**Сантехник: устранение засоров любой сложности. ТЕЛ.: 8-918-834-82-74 (Эльбрус).**



Номыры радгæс редактор — **Тохсырты Къоста.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3474.
Заказ № 866.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**